दिन– शनिवार | दिनांक–28.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

प्रदेशक छब्बीस जिलाक बेयालीस नगर निकाय मे आइ भेल उप चुनाव लेल शांतिपूर्वक मतदान संपन्न भऽ गेल। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सांझ चारि बजे धरि करीब पैंतालीस प्रतिशत मतदान भेल। देश मे पहिल बेर एहि चुनाव मे मतदाता लोकनि ई–भोटिंग के माध्यम सँ सेहो मतदान कयलनि। ई–भोटिंग लेल पचास हजार मतदाता पंजीकरण करौने छलाह जाहि मे सँ पचहत्तरि प्रतिशत मतदाता मतदान कयलनि। मतदाता लोकनि मोबाईल ऐपक माध्यमे सबेरे सात बजे सँ दुपहर एक बजे धरि भोट देलनि। आइ भेल उपचुनाव मे छत्तीस नगरपालिका आ पटना, रोहतास तथा पूर्वी चंपारणक छओ नगर पंचायत लेल मतदाता लोकनि अपन भोट देलनि। एहि उपचुनाव मे आइ पाँच सय अड़तीस उम्मीदवारक भाग्य ईवीएम में बंद भऽ गेल। एहि सँ पूर्व नओ उम्मीदवार निर्विरोध निर्वाचित भऽ चुकल छथि, जखनकि तीन पद पर उच्च न्यायालयक निर्देशानुसार निर्वाचन स्थगित कऽ देल गेल अछि। मतगणना तीस जून के होयत।

———————————————————

निर्वाचन आयोग राजनीतिक दलक भागीदारीक संग सभ मतदाताक पात्रताक पुष्टि लेल बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण शुरू कयलक। एहि मे सतहत्तरि हजार आठ सय सँ बेसी बीएलओक के संग–संग मतदान केन्द्र लेल करीब बीस हजार छओ सय तीन अतिरिक्त बूथ लेवल अधिकारीक नियुक्ति कयल गेल अछि। पुनरीक्षणक क्रम मे एक लाख सँ बेसी स्वयं सेवक सेहो विशेष रूप सँ वृद्ध, बीमार, दिव्यांग, गरीब आ आनो कमजोर समूहक मददि करता। निर्वाचन आयोग नव गणनाक फॉर्मक छपाई प्रारंभ कऽ देलक अछि। एहि संग बिहारक दू सय तैंतालीस विधानसभा क्षेत्रक सात करोड़ नबासी लाख मतदाता हेतु सभ घर मे जाकऽ वितरण सेहो शुरू कऽ देलक अछि। नव गणना फॉर्म के संग–संग ऑनलाइन भरबाक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ गेल अछि।

———————————————————

एहि मध्य मतदाता पुनरीक्षण के लऽकऽ सत्ता पक्ष आ विपक्षक मध्य आरोप–प्रत्यारोप तेज भऽ गेल अछि। राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उप मुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे एहि पुनरीक्षणक माध्यमे मतदाता लोकनि के मतदानक अधिकार छीनबाक कोशिस कयल जा रहल अछि। ओतहि, भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल राजद नेता तेजस्वी यादवक बयान पर हुनका चुनाव आयोग द्वारा लेल गेल निर्णय के पढ़बाक सलाह देलनि अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा कहलनि जे राजद नेता तेजस्वी यादव लऽग कोनो मुद्दा नहि अछि, तें ओ मुद्दा बनेबाक कोशिश करैत छथि जे सच्चाई सँ अलग अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे नवचयनित एक्कैस हजार तीन सय एकानवे सिपाही के नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य मे पुलिस विभाग मे दू लाख सँ बेसी पदक सृजन कऽ तेजी सँ पुलिसकर्मीक बहाली कयल जा रहल अछि। सभ पद के एहि वर्षक अंत धरि भरि देल जायत। एकर अतिरिक्त मुख्यमंत्री आइ पटना मे दू दिवसीय आम महोत्सवक शुभारंभ सेहो कयलनि।

———————————————————————

इंडियन रेलवे कैटरिंग एंड टूरिज्म कॉरपोरेशन, आईआरसीटीसी श्रद्धालु लोकनि लेल अगामी चौदह अगस्त के सहरसा स्टेशन सँ भारत गौरव पर्यटन ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन समस्तीपुर रेलमंडलक निर्मली, झंझारपुर, दरभंगा, समस्तीपुर आ मुजफ्फरपुर समेत आनो स्टेशन सँ श्रद्धालु यात्री लोकनि के चढबैत तिरूपति, रामेश्वरम आ कन्याकुमारी समेत आनो तीर्थ स्थलक भ्रमण करबाओत।

———————————————————————

प्रदेश मे विभिन्न स्थान पर मानसूनी बरखा भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे कतेको ठाम आंशिक अथवा मध्यम स्तरक बरखा भेल। सभ सँ बेसी अंठावन मिलीमीटर बरखा बोधगया मे दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग आइ गया, नवादा, जमुई आ बांका जिला मे एक दू ठाम मेघगर्जनक संग ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

---

जल संसाधन विभाग अगामी बाढ़िक खतरा के देखैत सुपौल जिलाक चालीस स्थल पर कटावरोधी तटबंध सुरक्षा काज संपन्न करबौलक अछि।

---

समाप्त भेल।